# Шавкат Мирзиёев: Муса Ерниязов баслаған ислерди дослары менен бирге даўам еттиремиз

**Пандемия келтирген сынаўлы күнлерде халқымыз аўыр жоғалтыўға ушырады. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы – Өзбекстан Республикасы  Олий Мажлис Сенаты Баслығының орынбасары,  Өзбекстан Қаҳарманы Муса Ерниязов 2020-жыл 31-июль күни қайтыс болды. Марҳум Нөкис қаласындағы «Шорша баба» қойымшылығына қойылды.**

Өзбекстан Республикасы Президенти Шавкат Мирзиёев 1-август күни бул жерге келип, Муса Ерниязовтың қәбирин зиятратлады. Марҳумның ҳүрметине Қуран оқылды.



— Муса аға елди жақсы көрген, ҳадал, пәк, ар-намыслы адам еди. Оған жүдә исенетуғын едим, Қарақалпақстаннан кеўлим тоқ еди. Тили, дини, тәғдири, тәшўишлери бир болған өзбек ҳәм қарақаклпақ халықларының аўызбиршилигин қәдирлейтуғын еди. Қарақалпақстанды раўажландырыў, адамлардың бирин еки қылыў бойынша көп жумысларды баслаған едик. Енди бул ислерди, режелеримизди дослары менен бирге әлбетте даўам еттиремиз, — деди мәмлекетимиз басшысы.

Шавкат Мирзиёев Муса Ерниязов қойылған қәбристанды абат етилетуғынын атап өтти.



— Бул жерди Қарақалпақстанға келгенлер ҳүрмет пенен зиярат ететуғын мәсканға айландырамыз. Усындай ўатансүйгиш инсанлардың ҳүрметин орнына қойсақ, халқымызға, жасларымызға үлги болады, — деди Президент.




O'zbekiston Respublikasi Prezidentining
MATBUOT XIZMATI



https://president.uz/uz/lists/view/3748